

Serat pratelan koendjoek ing ngarsadalem  
Kangdjeng Pangeran Ario Soorjaningprang.

Njekapi dawoeh bab amaringi djadjaran dateng lajonipoen

1. Masadjeng Wijadi *Wileh d. 18/19 Sept-36*
2. R.M.Dr. Soepojo. " " " "

oegi sampoen katindakaken satjekapipoen.

Wondene ingkang kaoetoes nindihi djadjaran ingkang kapa-  
ringaken dateng lajonipoen Masadjeng Wijadi abdidalem  
kantja mantri 2 idji

1. Ngabehi Prawirotirto
2. ,, Wirjodjawoto.

Djadjaran katampi dening Raden Mas Toemenggoeng  
Soorjosoewarto, saking oendjoekipoen sewoe sembahnoe-  
woen.

Inkang kaoetoes nindihi djadjaran ingkang kaparinga-  
ken dateng lajonipoen R.M.Dr. Soepojo abdidalem kan-  
tja loerah kalih idji


1. Loerah Setroprawiro
2. ,, Padmowinangoen.

Inkang nampi Raden Mas Toemenggoeng Brotoatmodjo, sa-  
king oendjoekipoen sewoe sembahnoewoen.

Lampahing djadjaran doemoegi pasarejan nitikan.

Moegi andadosna ing kawoeningandalem.

Koendjoek kaping 22 September 1936  
Abdidalem wadana  
poen



PURO PANGRAJARAN